

BAB IV
DÉSKRIPSI JEUNG ANALISIS RAGAM BASA SUNDA
PANGANTEUR PANGAJARAN DI SD NEGERI PADASUKA II
DESA SUKAMULYA KAC. KUTAWARINGIN KAB. BANDUNG

Anu didéskrupsikeun dina ieu bab nya éta perkara ragam basa Sunda anu digunakeun dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SD Negeri II Padasuka Kab. Bandung anu ngawengku (1) data ragam basa dina prosés diajar ngajar, (2) gambaran kaayaan lumangsungna prosés diajar ngajar, sarta (3) analisis gejala interférens, campur kode, jeung alih kode.

4.1 Basa Panganteur dina Prosés Diajar Ngajar di SD Negeri Padasuka II

Basa panganteur nu digunakeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung masih kénéh ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu némbongkeun yén warga SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung reuseus kana basa Sunda.

Prosés diajar ngajar basa Sunda di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung, anu dimaksud nya éta mangrupa pedaran ragam basa anu digunakeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung anu dijadikeun sampel panalungtikan.

4.1.1 Kaayaan Guru jeung Murid

Ieu di handap baris dipedar heula ngeunaan kaayaan guru jeung murid di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.

4.1.1.1 Kaayaan Guru

a. Guru Kahiji

Guru anu ngalakukeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung dina ieu panalungtikan nya éta aya dua guru. Guru kahiji, anu ngajar di kelas hiji jeung kelas dua anu ngaranna Ibu Ikah Yuningsih, anu lahir dina ping 23 Mei 1963, dumuk di Kopo-Bandung. Suku sélérna Sunda, basa indungna nya éta basa Sunda. Basa anu digunakeun sapopoéna nya éta basa Sunda sarta sakapeung ngagunakeun basa Indonésia. Guru ieu téh ngabogaan NIP 196305231984102003 kacatet minangka guru di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung ti mimiti taun 1984 nepi ka ayeuna. Guru ieu téh lulusan SPG dina taun 1983, lulusan D3 Universitas Terbuka (UT) taun 1999, sarta neruskeun kuliah S1 di Universitas Terbuka (UT) lulus dina taun 2009.

b. Guru Kadua

Guru anu kadua dina ieu panalungtikan nya éta anu ngajar di kelas tilu. Guru lalaki nya éta Bapa Suherman, anu lahir dina ping 30 Mei 1960, dumuk di Bandung. Suku sélérna Sunda, basa indungna nya éta basa Sunda. Basa anu

digunakeun sapopoéna nya éta basa Sunda sarta sakapeung ngagunakeun basa Indonésia. Guru ieu téh ngabogaan NIP 196005301979121001 kacatet minangka guru di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung ti mimiti taun 1979 nepi ka ayeuna. Guru ieu téh lulusan SPG dina taun 1979, lulusan D2 Universitas Terbuka (UT) taun 2001, sarta neruskeun kuliah S1 di jurusan Pendidikan Agama Islam Universitas Terbuka (UT), lulus dina taun 2007.

4.1.1.2 Kaayaan Murid

Murid SD Negeri Padasuka II Desa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung dina ieu panalungtikan nya éta murid kelas handap (I, II, III). Jumlah murid di kelas I aya 40 urang, kelas II aya 45 urang, kelas III aya 39 urang, sarta jumlah kabéhanana aya 124 urang. Dalapan puluh persén kasang tukang kulawargana nya éta ti lingkungan dagang (konvéksi) sarta rata-rata kaasup kana kelas sosial sedeng, saleuwihna mah kaasup kana kelas sosial luhur.

4.1.2 Basa anu Digunakeun ku Guru jeung Murid

Ieu di handap baris dipedar heula ngeunaan basa nu digunakeun ku guru jeung murid di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.

4.1.2.1 Basa Guru

Dua urang guru dina ieu panalungtikan sapopoéna téh aya dina lingkungan sakolaan anu biasa ngagunakeun basa Sunda. Dina acara rapat dinas atawa lamun lawan panyaturna henteu bisa ngagunakeun basa Sunda sok ngagunakeun basa Indonésia. Basa anu digunakeun lamun aya di luar lingkungan sakola sarua halna lamun aya di jero lingkungan sakola nya éta ngagunakeun basa Sunda, iwal lamun lawan panyaturna henteu bisa ngagunakeun basa Sunda.

4.1.2.2 Basa Murid

Lolobana basa anu digunakeun sapopoé ku murid nya éta basa Sunda dibandingkeun jeung basa Indonésia. Basa anu mindeng digunakeun ku murid dina kahirupan sapopoéna pikeun campur gaul di lingkunganana téh nya éta basa Sunda.

4.2 Analisis Ragam Basa dina Pangajaran di SD Negeri Padasuka II

Tina hasil panalungtikan bisa dilakukeun analisis dumasar kana hasil angkét jeung transkrip basa nu dipaké panganteur pangajaran anu geus dilaksanakeun di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.

4.2.1 Kaayaan Makéna Basa Murid

Dumasar kana hasil angké, jawaban murid kelas handap (I, II, III) anu lobana 124 murid di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung dijéntrékeun dina ieu tabél di handap.

Tabél

Kasang Tukang Basa Murid

No	Pertanyaan	Basa	Jumlah Siswa			Jumlah (%)
			Kelas I	Kelas II	Kelas III	
1.	Sélér bangsa Indung	Sunda	40	44	37	97,58
		Jawa		1	1	1,61
		Basa séjen			1	0,80
2.	Sélér bangsa Bapa	Sunda	39	42	35	93,54
		Jawa	1	3	2	4,83
		Basa séjen			2	1,61
3.	Basa nu digunakeun sapopoé di imah	Sunda	38	44	35	94,35
		Indonesia	2	1	2	4,03
		Campuran			2	1,61
4.	Ngomong jeung Indung	Sunda	40	44	37	97,58
		Jawa		1	1	1,61
		Kadang-2			1	0,80
5.	Ngomong jeung Bapa	Sunda	40	44	35	95,96
		Jawa		1	1	1,61
		Kadang-2			2	1,61
6.	Ngomong jeung dulur di imah	Sunda	40	41	35	93,54
		Jawa		4		3,22
		Kadang-2			4	3,22
7.	Basa nu digunakeun sapopoé jeung tatangga	Sunda	38	45	36	95,96
		Jawa	2			1,61
		Kadang-2			3	2,41
8.	Basa nu digunakeun sapopoé jeung babaturan di sakola	Sunda	39	42	35	93,54
		Jawa	1			0,80
		Kadang-2		3	4	5,64
9.	Basa Sunda nu digunakeun guru pikeun basa panganteur di kelas	Ngarti	40	45	39	100
		Teu Ngarti				
10.	Basa Indonésia nu digunakeun guru pikeun basa panganteur di kelas	Ngarti	33	45	39	94,35
		Teu ngarti	7			5,64
11.	Basa nu digunakeun nalika jajan di sakola	Sunda	40	45	36	97,58
		Indonesia			2	1,61
		Campuran			1	0,80

Dumasar kana hasil angkét, kabuktian yén basa Sunda mangrupa basa anu leuwih loba dipaké ku murid kelas handap (I, II, III) di sakola SD Negeri Padasuka II dibandingkeun jeung basa Indonésia tina jumlah anu kabéhna aya 124 murid. Hal ieu dibuktikeun ku hasil angkét jeung sadap rékam anu tos dilakukeun.

Pananya kahiji anu unina “*Suku bangsa apakah Ibu kamu?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén sélér bangsa indung murid kelas handap (I, II, III) téh lolobana anu jumlahna 121 (97,58%) urang Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén urang Sunda masih loba nu cicing di Tatar Sunda.

Pananya kadua anu unina “*Suku bangsa apakah Bapa kamu?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén sélér bangsa Bapa murid kelas handap (I, II, III) téh lolobana anu jumlahna 116 (93,54%) urang Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén urang Sunda masih loba nu cicing di Tatar Sunda.

Pananya katilu anu unina “*Bahasa apakah yang kamu gunakan sehari-hari di rumah?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén basa anu digunakeun sapopoé ku murid kelas handap (I, II, III) di imah téh lolobana anu jumlahna 117 (94,35%) basa Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén basa Sunda masih digunakeun ku urang Sunda.

Pananya kaopat anu unina “*Apakah Ibu di rumah bila berbicara dengan kamu menggunakan bahasa Sunda?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén nalika indung murid kelas handap (I, II, III) ngomong jeung budakna téh lolobana anu jumlahna 121 (97,58%) ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén basa indung mangaruhan pisan kana kamekaran basa budak.

Pananya kalima anu unina “*Apakah Bapak di rumah bila berbicara dengan kamu menggunakan bahasa Sunda?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén nalika bapa murid kelas handap (I, II, III) ngomong jeung budakna téh lolobana anu jumlahna 119 (95,96%) ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén basa bapa mangaruhan pisan kana basa sapopoé budak.

Pananya kagenep anu unina “*Apakah saudara (kakak atau adik) di rumah bila berbicara dengan kamu menggunakan bahasa Sunda?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén nalika dulur murid kelas handap (I, II, III) ngomong jeung budakna téh lolobana anu jumlahna 116 (93,54%) ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén basa Sunda masih dipikareueus ku urang Sunda.

Pananya katujuh anu unina “*Bahasa apakah yang kamu gunakan sehari-hari dengan tetangga?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén nalika murid kelas handap (I, II, III) ngomong jeung tatanggana téh lolobana anu jumlahna 119 (95,96%) ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén basa Sunda masih loba digunakeun dina komunikasi pikeun patali marga.

Pananya kadalapan anu unina “*Bahasa apakah yang kamu gunakan sehari-hari dengan teman di sekolah?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén nalika murid kelas handap (I, II, III) ngomong jeung babaturanana di sakola téh lolobana anu jumlahna 116 (93,54%) urang Sunda. Hal ieu ngabuktikeun yén basa Sunda masih loba digunakeun dina komunikasi sapopoé murid kelas handap (I, II, III) di sakola.

Pananya kasalapan anu unina “*Mengertikah kamu bila Ibu/Bapa Guru mengajar di kelas dengan bahasa Sunda?*”. Tina éta pananya meunang jawaban

yén nalika murid kelas handap (I, II, III) diajar ku guruna maké basa Sunda téh lolobana anu jumlahna 124 (100%) ngarti ku basa Sunda.

Pananya kasapuluh anu unina “*Mengertikah kamu bila Ibu/Bapa Guru mengajar di kelas dengan bahasa Indonésia?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén nalika murid kelas handap (I, II, III) diajar ku guruna maké basa Indonésia téh lolobana anu jumlahna 117 (94,35%) ngarti ku basa Indonésia.

Pananya kasabelas anu unina “*Bahasa apakah yang kamu gunakan bila jajan di sekolah?*”. Tina éta pananya meunang jawaban yén murid kelas handap (I, II, III) téh lolobana anu jumlahna 121 (97,58%) nalika jajan di sakola ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu bisa dilantarankeun ku asal wewengkon murid ti daérah Tatar Sunda jeung dina kahirupan sapopoéna ngagunakeun basa Sunda.

4.2.2 Analisis Makéna Basa Sunda di Kelas Handap (I, II, III)

Tina hasil analisis data angkét nu dibagikeun ka 124 murid SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung kapanggih 11 hal anu patali jeung makéna basa Sunda barudak.

Kahiji, sélér bangsa indung murid lolobana ti sélér Sunda (97,58%), sésana sélér Jawa (1,61%), jeung sélér séjén (0,80%).

Kadua, sélér bangsa bapa murid nu lolobana ti sélér Sunda (93,54%), sésana sélér Jawa (4,83%), jeung sélér séjén (1,61%).

Katilu, basa anu digunakeun murid sapopoé di imah lolobana basa Sunda (94,35%), sésana basa Indonésia (4,03%), jeung basa séjén (1,61%).

Kaopat, basa anu digunakeun ku murid nalika ngomong jeung indung lolobana basa Sunda (97,58%), sésana basa Jawa (1,61%), jeung kadang-kadang maké basa Sunda jeung basa Jawa (0,80%).

Kalima, basa anu digunakeun ku murid nalika ngomong jeung bapa lolobana basa Sunda (95,96%), sésana basa Jawa (1,61%), jeung kadang-kadang maké basa Sunda jeung basa Jawa (1,61%).

Kagenep, basa anu digunakeun ku murid nalika ngomong jeung dulur di imah lolobana basa Sunda (93,54%), sésana basa Jawa (3,22%), jeung kadang-kadang maké basa Sunda jeung basa Jawa (3,22%).

Katujuh, basa anu digunakeun sapopoé jeung tatangga lolobana basa Sunda (95,96%), sésana basa Jawa (1,61%), jeung kadang-kadang maké basa Sunda jeung basa Jawa (2,41%).

Kadalapan, basa anu digunakeun sapopoé jeung babaturan lolobana basa Sunda (93,54%), sésana basa Jawa (0,80%), jeung kadang-kadang maké basa Sunda jeung basa Jawa (5,64%).

Kasalapan, basa anu digunakeun ku guru pikeun basa panganteur di kelas ngarti nalika ngagunakeun basa Sunda (100%).

Kasapuluh, basa anu digunakeun ku guru pikeun basa panganteur di kelas aya nu ngarti (94,35%) jeung teu ngarti (5,64%) basa Indonésia.

Kasabelas, basa anu digunakeun barudak nalika jajan di sakola lolobana basa Sunda (97,58%), sésana basa Indonésia (1,61%), jeung campuran (0,80%).

4.2.3 Tatakrama Basa Sunda Guru jeung Murid

Ragam basa nya éta variasi basa numutkeun pamakéna nu béda-béda numutkeun topik nu dicaritakeun, hubungan caritaan, lawan panyatur, jeung jalma nu dicaritakeun sarta numutkeun médium caritaanana.

Salah sahiji ragam basa nya éta tatakrama basa. Wangun tatakrama basa nya éta sistem dipakéna ragam basa (lemes-wajar-kasar) anu raket patalina jeung kalungguhan, kakawasaan, katut dalit henteuna antara panyatur, paregep, jeung nu dicaritakeun.

Luyu jeung katerangan di luhur, tina hasil analisis data kapanggih ogé ragam basa lemes, ragam basa loma, ragam basa kasar, jeung ragam basa campuran.

Tina hasil analisis data kapanggih genep rupa makéna tatakrama basa Sunda, nya éta (1) basa lemes, (2) basa loma, (3) basa kasar, (4) basa campuran antara ragam basa lemes jeung ragam basa loma, (5) basa campuran antara ragam basa lemes jeung ragam basa kasar, jeung (6) basa campuran antara ragam basa loma jeung ragam basa kasar.

4.2.3.1 Makéna Basa Lemes

Basa lemes nya éta ragam basa anu umumna dipaké nyarita ka saluhureun atawa ka nu can wawuh. Éksprési ragam lemes (hormat) bisa katitén wujudna dina wangun lisan, pasemon, rengkuh jeung peta, jeung lentong. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1096 (46,08%) kecap anu kaasup kana ragam basa lemes. Contona saperti data ieu di handap.

1. Muhun bu! (M/PKn/I/6)
2. Saha deui nu teu lebet? (G/PKn/I/18)
3. Atos sadayana? (G/PKn/I/35)
4. Atos bu! (M/PKn/I/36)
5. Sadayana tingal ka payun, teu kénging aya nu heureuy! (G/PKn/I/39)
6. Muhun (G/PKn/I/61)
7. Étang aya sabaraha hiji jalma anu di bumi? (G/Mat/I/7)

Wangun di luhur kaasup kana ragam basa lemes lantaran dipaké nyarita boh keur ka saluhureun boh keur jalma anu can wawuh. Ragam basa nu diucapkeun keur ka sorangan kadang-kadang dilemeskeun lantaran tujuanana pikeun ngahormat ka saluhureun atawa ka jalma anu can wawuh.

4.2.3.2 Makéna Basa Loma

Basa wajar nya éta ragam basa anu umumna dipaké dina situasi biasa atawa digunakeun ka babaturan nu geus loma. Tina hasil analisis data kapanggih aya 857 (36,03%) kecap anu kaasup kana ragam basa loma jeung saleuwihna (17,89%) mangrupa campuran antara ragam basa lemes jeung ragam basa loma. Contona saperti data ieu di handap.

1. Sok siapkeun! (G) /PKn/I/5
2. Males, bu. (M/PKn/I/21)
3. Maca bu (M/PKn/I/27)
4. Nulis bu! (M/PKn/I/29)
5. Sok jumlahkeun! (G/Mat/I/58)

6. Acan bu! (M/Mat/II/4)
7. Matak kudu bersih, nya! (G/Mat/II/11)
8. Atos nulisna? (G/PKn/III/18)
9. Atos! (M/PKn/III/19)

Wangun di luhur kaasup kana ragam basa loma lantaran basa nu digunakeunana mangrupa basa standar, basa anu digunakeun dina kahirupan sapopoé dina prosés diajar ngajar antara guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung. Sok sanajan di luhur disebutkeun yén basa wajar digunakeun ka babaturan nu geus loma tapi dina waktu lumangsungna prosés diajar ngajar aya dina situasi biasa. Hal ieu dilakukeun sangkan antara guru jeung murid gampang dina komunikasi.

4.2.3.3 Makéna Basa Kasar

Basa kasar nya éta ragam basa anu dipaké dina situasi keur ambek, atawa dilarapkeun ka sato. Dina wangkongan antara guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung salila lumangsungna prosés diajar ngajar, eweuh nu maké basa kasar lantaran kabiasaanana ngagunakeun basa loma jeung basa lemes.

4.2.3.4 Makéna Basa Campuran Antara Ragam Basa Lemes jeung Ragam

Basa Loma

Basa campuran anu dimaksud nya éta digunakeunana ragam basa lemes jeung ragam basa loma dina lumangsungna prosés diajar ngajar antara guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung. Tina hasil analisis data kapanggih aya 425 (17,87%) kecap anu kaasup kana basa campuran antara ragam basa lemes jeung ragam basa loma. Contona saperti data ieu di handap.

1. Sok caralik! (G/PKn/I/1)

Loma lemes

2. Tos répéh! (G/PKn/I/2)

Lemes loma

3. Teu kénging ribut! (G/PKn/I/3)

Lemes loma

4. Sok ayeuna kaluarkeun buku PKNna sareng patlotna. (G/PKn/I/28)

Loma lemes

5. Tah ayeuna urang baca sasarengan. (G/PKn/I/32)

Loma lemes

6. Sok atuh énggal nulisna (G/PKn/I/34)

Loma lemes loma

7. Betah teu pami di bumi paraséa? (G/PKn/I/68)

Loma lemes

Wangun di luhur mangrupa ragam basa campuran nu digunakeun nalika guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar.

4.2.3.5 Makéna Basa Campuran Antara Ragam Basa Lemes jeung Ragam Basa Kasar

Basa campuran anu dimaksud nya éta digunakeunana ragam basa lemes jeung ragam basa kasar. Dina lumangsungna prosés diajar ngajar di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung, boh ragam basa nu digunakeun ku guruna boh ragam basa nu digunakeun ku muridna eweuh nu ngagunakeun ragam basa kasar. Aya ogé kasalahan dina pamakéan ragam basa nu dilakukeun ku muridna. Contona saperti data ieu di handap.

1. *Hoyong mésér* sapédah cenah bu. (M/PKn/I/23)

Lemes lemes kasar

Kasalahan dina pamakéan ragam basa ieu téh teu sagemblengna lantaran aya kecap *hoyong* jeung *mésér* anu maksudna ngalemeskeun atawa ngahormat ka nu diajak nyarita nya éta guruna, tapi diseselan ku kecap *cenah* nu biasana sok dituturkeun ku kecap kasar. Kalimah nu bener kuduna:

1. Hayang meuli sapédah cenah bu.
2. Saurna hoyong mésér sapédah bu.

4.2.3.6 Makéna Basa Campuran Antara Ragam Basa Loma jeung Ragam Basa Kasar

Dina lumangsungna prosés diajar ngajar nu dilakukeun ku guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung eweuh nu ngagunakeun ragam basa campuran antara ragam basa loma jeung ragam basa kasar sabab lolobana ngagunakeun ragam basa lemes jeung ragam basa loma.

4.3 Interférénsi dina Makéna Basa Sunda

Dumasar ka nu jadi sumber ayana éta interférénsi, Rusyana (1948: 33) ngajéntrékeun yén interférénsi téh boh dina ngagunakeun unsur anu kaasup kana hiji basa dina waktu nyarita atawa nulis dina basa séjén, boh dina nerapkeun dua sistem sacara babarengan kana hiji unsur basa, éta hal téh ngabalukarkeun méngparna hiji basa tina aturanana masing-masing anu lumangsung dina caritaan dwibasawan.

Interférénsi bisa dihartikeun minangka digunakeunana unsur-unsur basa Indonésia atawa basa asing kana basa Sunda. Kajadian interférénsi ieu bisa ogé muncul dina digunakeunana basa Sunda ku guru jeung murid kelas handap (I, II, III) di SD Negeri Padasuka II Kac. Kutawaringin Kab. Bandung salila lumangsungna prosés diajar ngajar. Tina hasil analisis data kapanggih (4,97%) anu nyebutkeun interférénsi. Contona saperti data ieu di handap.

1. Sok ulangi! (G/PKn/I/46)
2. Kumaha di bumi hidup rukun teu? (G/PKn/I/62)

3. Jadi ari hidup rukun téh hidup nu damei teu paraséa waé. (G/PKn/I/6)
4. Bendera. (M/Mat/I/82)
5. Misalna nulis nami Siti S-na kudu huruf ageung! (G/B.Ing/II/12)
6. Upami nulis huruf besar, nulis nami panjangna ogé kedah ageung.
(G/B.Ing/II/14)
7. Ieu T-na alit, A-na ogé hurufna alit. (G/B.Ing/II/21)
8. Nulis nama diawal hurufna kedah huruf ageung, teu kénging anisa melati
(G/B.Ing/II/27)
9. Upami huruf ageung kedah sadayana ageung. (G/B.Ing/II/37)
10. Jadi teu kénging sadayana di tulis ku huruf besar. (G/B.Ing/II/44)
11. Ayeuna ibu nulis nami sareng tempat tinggal. (G/B.Ing/II/83)
12. Teu kénging waka diisi! (G/Mat/III/22)

Dumasar kana katerangan di luhur, interférénsi basa nu digunakeun ku guru jeung murid di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Kac. Kutawaringin Kab. Bandung salila lumangsungna prosés diajar ngajar dina widang fonologi muncul sababaraha kecap anu jumlahna aya 12 kecap. Anu ditandaan ku robahna foném, leungitna foném, jeung nambahna foném di antarana kayaning ieu di handap.

1) **Robahna foném /a/ jadi foném /e/**

Kecap anu ngalaman gejala interférénsi mangrupa robahna foném /a/ jadi /e/ nya éta kecap *bendéra* dina transkrip (M/Mat/I/82). Dina ngucapkeunana téh ngalaman pangaruh tina basa Indonésia anu sakuduna mah diucapkeun **bandéra**.

2) **Robahna foném /r/ jadi foném /d/**

Kecap anu ngalaman gejala interférens mangrupa robahna foném /r/ jadi /d/ nya éta kecap *hidup* dina transkrip ((G/PKn/I/62), jeung (G/PKn/I/67)). Dina ngucapkeunana téh ngalaman pangaruh tina basa Indonésia anu sakuduna mah diucapkeun **hirup**.

3) **Robahna foném /p/ jadi foném /f/**

Kecap anu ngalaman gejala interférens mangrupa robahna foném /p/ jadi /f/ nya éta kecap *huruf* dina transkrip ((G/B.Ing/II/12), (G/B.Ing/II/14), (G/B.Ing/II/21), (G/B.Ing/II/27), (G/B.Ing/II/37), (G/B.Ing/II/44)). Dina ngucapkeunana téh ngalaman pangaruh tina basa Indonésia anu sakuduna mah diucapkeun **hurup**.

4) **Robahna foném /eu/ jadi foném /i/**

Kecap anu ngalaman gejala interférens mangrupa robahna foném /eu/ jadi /i/ nya éta kecap *diisi* dina transkrip (G/Mat/III/22). Dina ngucapkeunana téh ngalaman pangaruh tina basa Indonésia anu sakuduna mah diucapkeun **dieusi**.

5) **Ku bapana can dibeulikeun (M/PKn/I/24).**

Kalimah di luhur mangrupa interférens gramatikal. Kecap *dibeulikeun* kapangaruhan ku struktur basa Indonésia nya éta rarangkén di-kan. Dina basa Sunda nu aya téh struktur di-keun. Dina ngucapkeunana téh kuduna ngagunakeun rarangkén dipang-keun nya éta **dipangmésérkeun** lantaran keur ka saluhureun.

6) Sok ulangi! (G/PKn/I/46)

Nambahna foném /i/ dina ieu transkrip aya sakecap anu diucapkeun sakali, nya éta kecap *ulangi*. Kecap *ulangi* ngalaman gejala interférensina nambahna foném /i/ di tung-tung kecap. Dina ngucapkeunana téh ngalaman pangaruh tina basa Indonésia anu sakuduna mah diucapkeun **ulang** tapi lantaran aya dina wangun kalimah basa Sunda jadi diucapkeun *ulangi*.

4.4 Campur Kode dina Makéna Basa Sunda

Hiji jalma anu ngagunakeun sabagian atawa hiji kecap atawa frasa basa séjén kana basa anu keur digunakeunana, saenyana éta jalma téh geus ngalakukeun campur kode. Sakumaha anu disebutkeun yén gejala campur kode téh nya éta unsur-unsur basa atawa variasi-variasina anu anu diselapan dina basa séjén téh henteu deui ngabogaan fungsina sorangan. Tina hasil analisis data kapanggih (49,37%) anu nyebutkeun campur kode. Contona saperti data ieu di handap.

1. Hei, Agus tos calik tong jalan-jalan waé! (G/PKn/I/4)
2. Ayeuna urang belajar naon? (G/PKn/I/26)
3. Ibu badé nyerat heula, ku hidep ogé serat dina buku masing-masing (G/PKn/I/31)
5. Iya, sok atuh simpen (G/PKn/I/45)
6. Sok ulangi! (G/PKn/I/46)
7. Kumaha di bumi hidup rukun teu? (G/PKn/I/62)

8. Jadi teu kénéng nyandak barang nu batur kecuali nyungkeun izin ka nu gaduhna. (G/PKn/I/77)

9. 1) *Nah, yang begitu baik tidak?* (G/PKn/I/82)

2) *Tidak, bu.* (M/PKn/I/83)

3) *Tidak boleh ya!*(G/PKn/I/84)

4) *Tidak baik, sesama saudara tidak boleh bertengkar* (G/PKn/I/85)

5) *Teu kénéng sok paraséa, éta téh teu saé* (G/PKn/I/86)

6) *Iya* (M/PKn/I/87)

10. Tambahan dua, nulisna begini II (G/PKn/III/102)

Dumasar kana kelompok kalimah di luhur, aya kecap-kecap anu dicondongkeun aya ogé anu diruntuykeun ka handap dumasar omongan panyaturna, hal éta mangrupa ragam basa dina prosés diajar ngajar di SD Negeri Padasuka II Kac. Kutawaringin Kab. Bandung nu mangrupa gejala campur kode, nu digunakeun ku guru jeung murid kelas handap (I, II, III) nya éta nyelapkeun sababaraha kecap tina basa séjén kana ragam basa anu digunakeun.

4.5 Alih Kode dina Makéna Basa Sunda

Kajadian séjén tina pangaruh faktor kadwibasaan nya éta munculna kabiasaan panyatur basa (dwibasawan) pikeun ngayakeun alih kode, nya éta bagantina hiji kode ka kode séjén. Tina hasil analisis data kapanggih (45,64%) anu nyebutkeun alih kode. Contona saperti data ieu di handap.

1. 1) *Masuk semua hari ini?* (G/PKn/I/13)

2) *Tidak bu!*(M) /PKn/I/14

- 3) Mira teu damang (M/PKn/I/15)
- 4) Kunaon Mira? (G/PKn/I/16)
- 5) Batuk bu, tadi mamahna nyarios ka abi (M/PKn/I/17)
2. 1) *Anak -anak dirumah ada siapa saja?* (G/PKn/I/57)
- 2) Mamah, bapa, nenek sareng kakek (M/PKn/I/58)
- 3) Saha deui? (G/PKn/I/59)
- 4) Aa sareng Tétéh (M/PKn/I/60)
3. 1) *Ya, misalnya Ardi merebut pénsil Nofal, marah tidak Nofal?* (G/PKn/I/70)
- 2) *Marah, bu.* (M/PKn/I/71)
- 3) *Nah, jadi biar hidup rukun tidak boléh apa?* (G/PKn/I/72)
- 4) *Tidak boléh bertengkar* (M/PKn/I/73)
- 5) *Ya, apa lagi?* (G/PKn/I/74)
- 6) *Teu kénging ngarebut barang nu batur* (M/PKn/I/75)
- 7) *Muhun, pinter!* (G/PKn/I/76)
4. 1) *Nah, sekarang apakah kalian suka bertengkar dengan saudara?*
(G/PKn/I/78)
- 2) *Henteu bu* (M/PKn/I/79)
- 3) *Naha tiasa paraséa?* (G/PKn/I/80)
- 4) *Aa na galak bu, sok ngarebut emaeun abi* (M/PKn/I/81)
5. 1) *Sok siapa yang bisa menjawab?* (G/Mat/I/31)
- 2) *Abi bu.* (M/Mat/I/32)
- 3) *Saha anu bieu tatalu?* (G/Mat/I/33)
- 4) *Agus bu.* (M/Mat/I/34)

6.
 - 1) *Di rumah ini?* (G/Mat/I/42)
 - 2) *Dua* (M/Mat/I/43)
 - 3) *Ayeuna tulis angka tilu ditambah dua, sabaraha?* (G/Mat/I/44)
 - 4) *Lima, bu!* (M/Mat/I/45)
 - 5) *Betul ya!* (G/Mat/I/46)
7.
 - 1) *Coba siapa yang bisa nulis angka lima?* (G/Mat/I/47)
 - 2) *Abi bu.* (M/Mat/I/48)
 - 3) *Sok ka payun!* (G/Mat/I/49)
8.
 - 1) *Ieu gambar naon?* (G/Mat/I/81)
 - 2) *Bendera.* (M/Mat/I/82)
 - 3) *Ada berapa?* (G/Mat/I/83)
 - 4) *Enam.* (M/Mat/I/84)
9.
 - 1) *Ayo!* (G/Mat/I/94)
 - 2) *Siapa yang cepat?* (G/Mat/I/95)
 - 3) *Bu, teu aya patlotna.* (M/Mat/I/96)
 - 4) *Bu kieu bu?* (M/Mat/I/97)
 - 5) *Bu ieu kumaha?* (M/Mat/I/98)
 - 6) *Ku angka ieuna?* (M/Mat/I/99)
 - 7) *Atos Akbar?* (G/Mat/I/100)
 - 8) *Atos bu.* (M/Mat/I/101)
10.
 - 1) *Éta mah lepat, ngartos teu?*(G/B.Ing/II/28)
 - 2) *Mengerti bu.* (M/B.Ing/II/29)
 - 3) *Tubagus, tulis namanya di depan!* (G/B.Ing/II/30)

4) Teu tiasa bu! (M/B.Ing/II/31)

5) Tos ditunjuk! (G/B.Ing/II/32)

Dumasar kana kelompok kalimah di luhur, kajadian séjén tina pangaruh faktor kadwibasaan nya éta munculna kabiasaan panyatur basa (dwibasawan) pikeun ngayakeun alih kode, nya éta bagantina hiji kode ka kode séjén. Jadi, lamun hiji panyatur mimitina mah ngagunakeun kode-A (kayaning basa Sunda), terus diganti jadi ngagunakeun kode-B (kayaning basa Indonésia), ku kituna kajadian bagantina kode atawa basa anu digunakeun saperti kitu téh disebutna alih kode. Ku kituna, prosés diajar ngajar di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin kab. Bandung ieu ditandaan ku ayana alih kode, anu lumangsung ku sabab ayana pangaruh sosial antara guru jeung murid anu sapopoéna sok ngagunakeun basa indonésia jeung basa Sunda.